

8 oktòb, 2020

Chè Kominote Lekòl Piblik Boston:

Premyèman, mwen ta renmen remèsye nou pou pasyans nou ak fleksibilite n pandan peryòd ensèten sa a. Pandanke n ap kontinye evalye gidans sante piblik yo e detèmine ki sa k ap nan meyè enterè timoun nou yo, n ap fè tout efò n kapab pou n kenbe w enfòmè, dekwa pou w kapab chwazi sa k ap pi bon pou pitit ou. N ap ekri w jodi a pou n asire ke ou genyen enfòmasyon ki pi egzak yo sou plan nou ak kwonoloji nou pou reouvèti a.

Yè, Majistra Walsh avè m te anonse ke, akòz mwayèn to moun ki teste pozitif pou COVID-19 chak semèn te vin ogmante a 4,1 pousan, n ap pral ranvwaye pwochèn faz retou elèv yo pou aprantisaj an pèsòn nan. Elèv ki nan klas jadendanfan K0 jiska klas 3yèm ane ki te chwazi pou yo nan modèl aprantisaj ibrid la, ap retounen lekòl pa pi bonè ke jedi, 22 oktòb, pou Gwoup B, ak lendi, 26 oktòb pou Gwoup A. Nou konnen nouvel sa a fè anpil moun desi, e li fè nou desi tou. Nou espere akeyi plis elèv ankò trè byento.

**Sepandan, tout lekòl nou yo ouvri pou resevwa elèv ki te deja retounen pou fè aprantisaj an pèsòn.** Elèv ki te idantifye oparavan kòm elèv ki genyen anpil bezwen e ki elijib pou yo retounen nan bilding lekòl yo, va kontinye genyen opsyon sa a tou pou yo fè aprantisaj an pèsòn. Elèv ki nan lekòl McKinley, Carter, ak Horace Mann pandan lajounen ap genyen opsyon pou yo patisipe nan aprantisaj an pèsòn pandan 4 jou lasemèn, pa pi bonè ke madi, 13 oktòb. N ap notifie tout lòt fanmi ki te chwazi pou yo patisipe nan aprantisaj an pèsòn 4 jou yo, pi vit ke posib, kou l vin posib pou n satisfè demann yo, men sa p ap fèt pi bonè ke jedi, 22 oktòb.

Desizyon nou pran pou n kontinye sèvi elèv ki deja retounen nan aprantisaj an pèsòn yo e ranvwaye pwochèn etap orè aprantisaj ibrid sekirite e responsab nou an, konfòm a desizyon nou pou n bay elèv sila nou yo ki genyen plis bezwen, priyorite nan plan sa a. Fanmi ki te fin chwazi pou yo patisipe nan modèl aprantisaj ibrid la kapab toujou decide chanje chwa yo pou yo patisipe nan modèl aprantisaj konplètman aleka a; pou yo fè sa, yo kapab rele lekòl pitit yo oswa ranpli fòmilè a ki disponib sou sit entènèt sa a: [bostonpublicschools.org/reopening](https://bostonpublicschools.org/reopening).


Komisyon Sante Piblik Boston an (BPHC) te **detèmine** ke pa gen danje pou BPS ta kontinye aprantisaj an pèsòn pou elèv sila n yo ki genyen plis bezwen. Anplis de sa, BPS te konsilte kèk fonksyonè eta a ki nan domèn sante piblik ak edikasyon, ki te dakò avèk desizyon sa a pou n kite lekòl yo ouvè. Manm pèsònèl BPS yo te travay di pandan mwa ki sot pase yo pou amelyore enstalasyon n yo, repare fenèt yo, e founi kèk vantilatè pou amelyore sikilasyon lè nan bilding yo; yo te amelyore twalèt yo, enstale kèk stasyon pwòpte nan antre yo ak soti yo, achte mask ak kèk lòt ekipman pwoteksyon, ranje mèb e afiche ansèy pou mentni

distansyasyon sosyal la, pwokire kèk vaporizatè elektwostatik, epi founi chak lekòl avèk yon abondans pwovizyon pwodui netwayaj ak pwòpte.

Apa de kèk pwotokòl netwayaj byen strik, BPS genyen yon patenarya avèk Biwo Maladi Kontajye BPHC a ki te etabli depi lontan, ki founi yon fondasyon solid pou devlopman ak enplemantasyon pwotokòl COVID-19 yo, pou pwoteje elèv yo, manm pèsònèl yo, ak fanmi yo. Tout pwosedi sekirite ki anrapò a viris COVID la dekri nan [plan reouvèti BPS la](#). Kòm yon rapèl, tout manm pèsònèl ak fanmi dwe konplete [lis kontwòl sante lakay la](#) avan yo soti pou y al lekòl. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou reouvèti BPS la ki toujou disponib sou sit sila a: [bostonpublicschools.org/reopening](https://bostonpublicschools.org/reopening).

Nou tout la pou n bay elèv nou yo ak fanmi n yo sipò pandan peryòd ensèten sa a, e n ap toujou kontinye mete w okouran sou tout nouvèl. Mèsi pou patenarya ou.

Ansanm an solidarite,

  
Doktè Brenda Cassellius  
Sipèentandan